



Avi Endistri #25-01  
Pou Pibliye Imedyatman

4/15/2025

David Do  
Manm Komisyon/Prezidan  
tlccommissioner@tlc.nyc.gov

Jason Kersten  
Kominikasyon TLC  
press@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street  
22nd Floor  
New York, NY 10004

## AVI: Peryòd Aplikasyon pou Lisans selon Lwa COVID-19 sou Rekiperasyon Veyikil Livery an Ouvè

Apati 15 avril 2025, ansyen pwopriyetè Veyikil Livery yo ki gen lisans yo ki ekspire ant 7 mas 2020 ak 12 septanm 2022 (Pandemi COVID-19 la) elijib pou yo aplike pou fè yo renouvre lisans yo anba [Lwa sou Rekipirasyon Veyikil Livery pandan COVID-19](#).

Pwopriyetè veyikil ki elijib yo genyen jiska 15 avril 2026 pou yo aplike pou renouvre lisans yo. Pou w renouvre lisans ou an, ou dwe reponn ak kritè kalifikasyon yo epi respekte tout restriksyon yo:

### **Restriksyon yo:**

- Si yo te sispann lisans ou oswa yo te anile li nan moman li te ekspire a, ou gendwa pa elijib.
- Lisans sa yo ap genyen menm restriksyon yo te genyen lè yo te ekspire a. Pa egzanp, yon lisans ki te sèlman pou yo veyikil elektrik ka renouvre antanke yon lisans pou veyikil elektrik, epi yon lisans ki te sèlman pou yon veyikil ki aksesib pou chèz woulant ka sèlman renouvre antanke yon lisans pou veyikil ki aksesib pou chèz woulant.
- Byenke lisans orijinal la dwe te afilye ak yon baz livery, lisans ki renouvre anba Lwa a kapab afilye tou ak baz machin nwa ak baz machin liks yo. Men, **yo ka PA transfere nan yon baz machin lokasyon ki fè anpil kous (Uber/Lyft).**

Si yo konsidere w elijib, w ap peye yon frè pou renouvèlman lisans veyikil la epi mete dokiman ki nesesè yo anliy atravè LARS ak TLCUp.

Pou poze kesyon ki an rapò ak sa, tanpri ale sou pajwèb TLC a [Lwa sou Rekiperasyon Veyikil Lokasyon pandan COVID-19](#) oswa voye yon imèl nan [licensinginquiries@tlc.nyc.gov](mailto:licensinginquiries@tlc.nyc.gov)

